

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## BIWO KI RESPONSAB RESPÈ RÈGLEMAN YO AK EDIKASYON

### BIWO KI RESPONSAB RESPÈ RÈGLEMAN YO AK EDIKASYON (DOCE)

Biwo ki Responsab Respè Règleman yo ak Edikasyon (DOCE) (anvan sa l te rele Biwo ki responsab Règleman ak Zafè Imigran) asire l sèvis, pwogram, ak pwoteksyon Depatman Travay disponib pou tout travayè yo. Sa gen ladan l gwoup moun k ap ogmante ki te demenaje nan Eta New York soti nan lòt peyi yo ak moun ki pale lang ki pa Anglè.

### SANSIBILIZASYON

DOCE enfòm imigran, refijye yo, ak Elèv k ap Aprann Lang Anglè sou dwa yo gen nan travay. Nou pale yo sou èd depatman Travay Eta Nouyòk (NYSDOL) ofri, tankou:

- Aksyon pou salè, lè siplemantè, ak lòt avantaj yo poko peye
- Enfòmasyon enpòtan sou asirans chomaj
- Èd pou rechèch travay ak èd nan karyè
- Lyen pou lòt ajans ak gwoup pou èd
- Enfòmasyon sou trafik moun

DOCE bay moun ki posede ti biznis yo enfòmasyon konsènan:

- Lwa travay
- Dwa ak responsablite yo genyen
- Resous Depatman Travay ki ka ede yo
- Trafik Moun

### RÈGLEMAN AK LWA YO

DOCE travay pou asire l Eta Nouyòk reponn ak bezwen imigran, refijye ak moun k ap aprann lang Anglè. Nou revize fason règleman, pwosedi ak lwa NYSDOL gen enpak sou kominote yo.

### VIKTIM KRIM

Trafik moun ak travay fòse se krim ki pwofite moun k ap viv Nouyòk yo, sa gen ladan imigran, refijye ak Moun k ap aprann Anglè. DOCE patisipe nan konbat sa nan tout eta a. Nou refere viktim yo tou bay ajans eta yo ki ka ede yo pou jwenn sèvis yo gen dwa resevwa dapre lwa kriminel eta a.

Moun ki viktim kèk krim ka aplike nan gouvènman federal la pou viza espesyal. Pou yo aplike, yo dwe sètifye nan yon ajans ki fè respekte lalwa. Nan Depatman Travay, DOCE revize aplikasyon pou sètifikasyon viza U ak T.

### AGRIKILT

DOCE travay pou ranfòse endistri agrikilti nan Nouyòk la ki gwo e ki gen bagay ki diferan. An menm tan, nou fè travayè agrikòl yo konnen dwa yo ak sèvis ki disponib ak lwa travay yo. Nou vizite fèm pou ede konpayi yo respekte lwa travay yo. Nou ede moun ki gen fèm yo tou pou yo jwenn travayè agrikòl kalifye yo pou reponn ak bezwen travay yo. DOCE trete aplikasyon H-2A, fè verifikasyon lojman, bay èd pou entèvyou nan lang Espanyòl, ak travay pou ede Depatman Travay Etazini nan asire l kontra H-2A yo respekte règleman yo.

### KONTAK DOCE

Telefòn: **877-466-9757 (877- IMM-WRKR)**

Imel: [doce@labor.ny.gov](mailto:doce@labor.ny.gov)

Sit Entènèt: [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov)